

Nigeria Coronavirus CivActs Campaign

Issue #1 01.04.2020

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo sabi wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody sabi wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

NO FEAR

Na wetin you suppose dey do to stop coronavirus be dis:

Dey wash hand well well with soap. You fit even use hand sanitizer. Stop to dey touch touch face. (No touch your eye, no touch your nose, no touch your mouth).



Na by social diatancing o. No dey too near pipo these days make coronavirus stop to dey spread abeg. Na pipo this virus dey use move.



Dey cover nose and mouth with tissue when you wan cough or sneeze. Throway the tissue for dustbin quick quick. No dey shake pesin.



Oga, no dey touch touch everywhere, no be only for inside nose the virus fit dey rest.





Fake Tori





Coronavirus no dey Naija, na government wey dey deceive una so they go begin chop more money ontop our head. If to say the virus na true, why they no dey talk the name of the pipo wey get am?

This virus wey dem dey call COVID 19 don enter Naija true true, in fact we don already get 30 pipo wey don catch the tin as of March 23. Na the Nigeria Centre for Disease Control (NCDC) wey dey test test pipo for lab to see if they don get am true true. Even World Health Organisation (WHO) don confam wetin NCDC dey do and they no dey release the name of pipo wey don get am because if everybody know say they bin get am the matter fit spoil their life.

Government talk say e get one drug wey dem dey call Chloroquine wey fit cure this Coronavirus.

The National Agency for Food and Drug Administration and Control (NAFDAC) never approve Chloroquine o, they still dey test am to see if e go work. Government no talk anytin like dat.



Na white pipo make this COVID 19 virus make they use am finish us finally.

Na for China wey this COVID 19 matter first start and even animal fit catch am sef. Scientists dem talk say na bat wey fit don transfer the virus give us. Abeg if person wan make virus, how they go take start?

Coronavirus no fit do Nigerians anytin. We too strong plus our Naija heat go kill them once. Na to dey wash hand well with soap and to dey practice Social distancing get us now o. Nigerians fit catch am anytime and our weather no dey do the virus anytin.



If I chop garlic and drink hot water e fit kill coronavirus if e enter my body.

See ehn, e good to drink water normally but hot water no fit cure coronavirus if you drink am. E no get any water or food wey fit quench this virus abeg.

SOURCES: https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/specific-groups/people-at-higher-risk.html

https://www.sciencedaily.com/releases/2020/03/200317175442.htm

https://amref.org/coronavirus/

https://covid19.ncdc.gov.ng

https://en.wikipedia.org/wiki/2020_coronavirus_pandemic_in_Nigeria

https://travel.state.gov/content/travel/en/international-travel/International-Travel-Country-Information-Pages/Nigeria.html

https://www.iamat.org/country/nigeria/risk/coronaviruses

https://www.who.int/emergencies/diseases/novel-coronavirus-2019/situation-reports

https://africacheck.org

https://twitter.com/fmohnigeria



Other tins wey we suppose know:

Una need know the kind pipo wey coronavirus fit suffer pass other pipo:

- -Pipo wey old pass 65 years
- -People wey don already get another sickness wey dey disturb dem like lung sickness, asthma, heart problem, pipo wey their system no too strong like pipo wey dey treat cancer and pipo wey too fat

When you suppose wear mask: WHO talk say you no too need mask except say you don dey cough already make you no carry sickness give person. Even if you wan wear the mask you no suppose dey touch your face sef and you no suppose use one mask two times.

COVID 19 dey spread when one person cough and in cough water reach another person face.

If you dey cough steady and your body dey feel fever, you dey tire or you no dey breathe well; you need try stay your house and call these numbers so:

Where do I get treatment?

As e dey na, na only five (5) places where dem fit test people for Naija way be like say dem don catch the COVID-19:

- The NCDC National Reference Laboratory
- Virology Laboratory of Lagos University Teaching Hospital
- •Irrua Specialist Teaching Hospital
- Nigerian Institute of Medical Research
- African Centre of Excellence for Genomics of Infectious Disease

Pipo wey don catch the virus dey collect treatment for the University of Abuja Teaching Hospital (UATH) in Gwagwalada, while pipo for Lagos dey collect treatment for the Infectious Disease Hospital (IDH) wey dey for Yaba.

Call these Numbers even if you nor get credit as na free of charge: 0800 9700 0010

Whatsapp: +234 708 711 0839 SMS Number: +234 809 955 5577

Call: +234 703 670 8970



Social Distancing 101

This social distancing matter wey pipo dey talk so ehn, na make you no too dey near pipo this period. The virus no go too spread if we no too near each other this period.

HOW E DEY TAKE WORK

- No touch pesin wey get high temperature wey dey too cough. They fit get COVID-19
 - No dey too use public transport this period
- If you fit dey work for your house, better dey your house
 - No dey go where people plenty much much because na there wey the virus dey quick move
 - If you need reach your padi and your papa and mama dem, try use phone or internet, make una no go gather for one place.
- Na to dey use phone dey reach people wey you no fit reach this period o.
 - Abeg make una dey try do the tin wey we talk. If you don old reach 70, or you get another sickness wey dey worry you, or you carry belle na you need this tin pass.

